

Reyouvri Vil New York: Kesyon Moun Poze Souvan yo Sa Sèvis Reliye ak Antèman yo Bezwen Konnen

Sèvis reliye ak antèman yo, ki gen ladan sèvis antèman ak antèman bò kav yo, ka reyouvri. Nou te kreye dokiman sa a pou ede reponn kesyon enpòtan sou reyouvèti nan NYC.

Vizite nyc.gov/health/coronavirus pou mizajou yo. Egzijans Vil ak Eta a yo ka chanje a mezi n ap aprann plis sou COVID-19 ak pi bon fason pou diminye transmisyon epi pwoteje moun New York yo.

Sonje kat (4) aksyon enpòtan yo pou anpeche transmisyon COVID-19:

Men kèk nan pi bon pratik ki soti nan enstriksyon Eta New York preskri yo. [Gade lis ki gen tout egzijans yo](#) sou sitwèb Eta New York la pou asire ou konfòm. Pwoteje anplwaye ak kliyan yo lè w pran mezi ki annapre yo pou anpeche pwopagasyon COVID-19:

- **Rete lakay ou si ou malad:** Rete lakay ou si ou malad sof si w ap soti pou al pran swen medikal ki esansyèl (tankou [tès](#)) oswa lòt komisyon ki esansyèl yo.
 - Fè depistaj sante a distans (pa egzanp, pa mwayen sondaj nan telefòn oswa elektwonik), avan moun vini.
 - Si l nesèsè pou fè depistaj sou plas, kowòdone depistaj la pou anpeche moun antremele an kontak pwòch youn ak lòt avan yo fin fè depistaj la.
 - Afiche postè "[Stop the Spread](#)" (Sispann pwopagasyon an) nan espas anplwaye yo. Plis lang disponib sou nyc.gov/health/coronavirus oswa lè w rele **311** pou w fè kòmand yon kopi.
- **Distans fizik:** Rete omwen yon distans 6 pye ant ou menm ak lòt moun yo.
 - Chanje itilizasyon ak/oswa mete restriksyon sou kantite espas travay (tankou podyòm yo) ak espas pou moun chita yo, pou manm anplwaye yo, volontè, ak patisipan yo ka rete nan distans omwen 6 pye youn ak lòt nan tout direksyon epi pa pataje espas travay oswa chèz san w pa netwaye ak dezenfekte yo chak fwa yo fin itilize yo, sof si tout moun yo se manm menm fwaye a.
 - Chanje oswa elimine pratik ki mande pou gen kontak pwòch oswa pataje objè ant manm ki pa nan menm fwaye yo (tankou pataje woulib nan yon machin, oswa limouzin ant lokalite yo, bay patisipan yo manje/bwason avan, pandan, oswa apre evènman an oswa sèvis la).
 - Redui sikilasyon a pye nan toude direksyon lè w poste ansèy ki gen flèch nan ale, koulwa oswa ban legliz ki etwat yo.
- **Mete yon kachnen:** Pwoteje moun ki bò kote ou yo. Ou ka kontajye san ou pa gen sentòm epi ou ka pwopaje maladi a lè ou touse, estène oswa pale. Yon kachnen ka ede redui pwopagasyon COVID-19.
 - Bay travayè yo yon [kachnen](#) akseptab ki gratis pou anplwaye yo epi ba yo yon bon valè kachnen pou sizanka yo ta bezwen ranplasman.
 - Yo dwe lave oswa ranplase kachnen yo chak jou apre yo fin itilize yo epi yo pa dwe pataje yo.
- **Pratike ijyèn men ki sanitè:** Lave men w souvan avèk savon ak dlo oswa itilize dezenfektan pou men si pa gen savon ak dlo ki disponib; netwaye sifas moun manyen souvan yo regilyèman; evite manyen figi ou avèk men ou lè yo pa lave; epi kouvri figi w ak manch rad ou lè w ap touse oswa estène, pa itilize men ou.
 - Entèdi kontak pwòch ki gen ladan akolad, kenbe men ak bay lamèn ant moun ki pa nan menm fwaye pandan sèvis oswa lapriye yo.

- Evite pataje objè (tankou tèks relijye yo, kòbèy ofrann yo) epitou pa manyen sifas pataje yo (tankou ban legliz yo, enstriman yo, pòt yo, ranp sipò yo); oswa egzije moun yo pou yo mete gan lè y ap manyen objè pataje yo oswa sifas moun konn manyen souvan yo; oswa egzije moun yo pou yo dezenfekte oswa lave men yo avan ak apre kontak la.

Byenke ou ka an mezi pou w reouvri yon fwa ou swiv etap ki anba la yo, pi bon fason pou redui pwopagasyon COVID-19 epi pwoteje fidèl ak patisipan yo se kontinye fonksyone a distans jan sa posib. Ansanm, nou ka redui transmisyon COVID19 nan Vil New York epi kontinye reouvri.

Kisa mwen dwe fè legalman pou m reouvri biznis mwen an?

Etap ki obligatwa anvan ou reouvri

- Devlope yon [Plan Sekirite](#) epi afiche li nan sit travay ou.
- Li [direktiv Eta New York yo](#) epi afime konfòmite. Eta a egzije pou ou afime ke ou te revize ak konprann direktiv Eta a preskri pou endistri yo epi ke ou pral aplike yo. Ou ka ranpli fòm afimasyon an nan forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation.

Kilè mwen ta dwe retounen nan espas travay la?

Kontinye genyen transmisyon kominotè COVID-19 nan Vil New York (NYC). Pi bon fason pou pwoteje anplwaye ou yo epi anpeche pwopagasyon COVID-19 la se pou kontinye règleman travay adistans yo pandan kantite tan sa posib. Lè w kontinye travay adistans, sa a ka ede pwoteje moun ki dwe travay sou plas yo epi ede kenbe kominote nou yo an sekirite, espesyalman kominote moun nwa yo ke COVID-19 ap afekte nan fason dispwopòsyonèl.

Konsidere si gen lòt chanjman ou ka fè nan operasyon ou yo pou pèmèt mezi anplwaye posib travay lakay yo. Si ou dwe egzije anplwaye yo kite kay yo pou travay, revize kesyon moun poze souvan sa yo ak egzijans yo ki nan "[New York Forward](#)" (New York Annavan), epi aplike estrateji pou rediksyon risk yo pou pwoteje anplwaye ou yo kont COVID-19.

Ki resous ki disponib nan Vil New York (NYC)?

- NYC ap bay enstriksyon ak zouti pou ede pwoteje anviwònman yo, tankou ansèy ki nan plizyè lang.
- NYC gen yon pwogram "[Test and Trace](#)" (Teste ak Chèche) COVID-19 byen djanm pou pwoteje w, anplwaye w yo, ak kliyan w yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, gade nan "Depistaj, Tès ak Rechèch Kontak" ki anba la.
- NYC gen resous ki disponib pou ede ou menm ak anplwaye ou yo jwenn aksè a resous swen sante, ki gen ladan l swen sante mantal. Pou w jwenn plis enfòmasyon, gade nan "Aksè a Swen Sante" anba la.
- Reprezantan NYC yo pral nan kominote a pou ede biznis yo konprann obligasyon yo.

Depistaj, Tès ak Rechèch Kontak

Kòmman mwen ta dwe tcheke anplwaye mwen yo pou COVID-19?

Eta New York (NYS, New York State) egzije anplwayè yo pou yo fè tès depistaj sante pou anplwaye yo. Revize [Zouti Depistaj](#) Depatman Sante ak Ijyèn Mantal NYC a (Depatman Sante NYC). Raple anplwaye yo pou yo kontwole sante yo byen epi rete lakay yo si yo malad. Yo ta dwe voye anplwaye ki rive nan travay la malad oswa ki vin malad nan travay la lakay yo imedyatman.

Anplwayè yo ta dwe rilaks politik konje yo pou ankouraje anplwaye yo rete lakay yo jiskaske yo satisfè kritè pou yo sispann izole tèt yo. Li enpòtan tou pou ankouraje distans fizik, bon ijyèn men ak itilize kachnen regilyèman — prekosyon sa yo esansyèl pou pwoteje kont pwopagasyon COVID-19 la, sitou si yon moun malad men li pa gen sentòm.

Ki règleman konfidansyalite ki aplike pou enfòmasyon mwen aprann sou anplwaye yo nan tès depistaj yo?

Yon anplwayè dwe kenbe enfòmasyon medikal sou anplwaye yo nan dosye ki separe de lòt dosye pèsònèl yo. Anplwayè yo dwe pwoteje konfidansyalite enfòmasyon medikal yo. Gen kèk eksepsyon nan egzijans konfidansyalite a. Pa egzanp, yo ka enfòm sipèvizè yo ak manadjè yo konsènan restriksyon nesèsè sou travay oswa responsabilite yon anplwaye ak aranjman nesèsè yo bezwen fè; yo ka enfòm anplwaye premye swen ak sekirite yo, lè sa apwopriye, si yon moun bezwen tretman an ijans; epi yo dwe bay ofisyèl gouvènman yo ki ap mennen ankèt sou konfòmite avèk lwa diskriminasyon federal yo enfòmasyon ki enpòtan lè yo mande.

Ki opsyon anplwayè yo genyen si yon anplwaye refize fè tès depistaj la? Èske yo ka revoke yo?

Li enpòtan pou w eksplike anplwaye yo ke tès depistaj la anplas pou pwoteje yo, kòlèg travay yo ak kliyan yo. Reponn nenpòt kesyon ak enkyetid yo ka genyen. Si yon anplwaye refize fè tès depistaj, yon anplwayè ka disipline anplwaye a. Nati disiplin lan pral depann de règleman anplwayè yo ak tout dwa yo bay anba akò negosyasyon kolektif.

Èske mwen ta dwe kenbe done depistaj sante yo?

Eta New York egzije pou biznis yo aplike tès depistaj sante obligatwa. Biznis yo dwe dokimante ke yo te revize repons a tès depistaj sante yo chak jou. Biznis yo entèdi kenbe dosye done sou sante anplwaye yo (pa egzanp done tanperati). Gade nan [Zouti Depistaj](#) Depatman Sante NYC a ak [modèl rejis la](#) pou egzanp depistaj ak dokimantasyon.

Ki sa pwogram Tès ak Rechèch NYC an ye?

Divizyon Tès ak Rechèch NYC a (NYC Test and Trace Corp) ap deplwaye anpil milye chèchè kontak pou envestige ka COVID-19 yo, epi idantifye ak kontwole kontak pwòch ka sa yo. Travay sa a pral pèmèt Vil la imedyatman izole ak pran swen moun ki teste pozitif pou viris la, epi aprè sa a, fè menm bagay la pou kontak pwòch yo. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite: nyhealthandhospitals.org/test-and-trace/testing.

Selon direktiv Eta a "Pati ki responsab yo dwe avèti depatman sante Eta a ak lokal la sou ka a si rezilta tès yo pozitif pou COVID-19." Kòmman pou mwen fè depatman sante Vil la konnen?

Ou ka voye yon imèl bay NYC Test and Trace Corps (Divizyon Tès ak Rechèch NYC) nan CovidEmployerReport@nychhc.org.

Èske anplwaye yo oblije avèti anplwayè yo si yo gen oswa ka gen COVID-19?

Divizyon Tès ak Rechèch NYC an pral di moun ki gen COVID-19 pou izole lakay yo, e yo ta dwe avèti anplwayè yo. Pandan peryòd izolasyon sa a yo pa ta dwe kite kay yo pou ale travay, byenke yo ka travay lakay yo si yo santi yo kapab fè sa.

Èske biznis yo ta dwe avize lòt anplwaye yo si yon anplwaye teste pozitif pou COVID-19?

Ou ka notifiye lòt anplwaye oswa kliyan ke yo te ekspoze, men pa pataje non anplwaye a ki te teste pozitif lan. Eksplike anplwaye ak kliyan yo ke ou dwe pwoteje vi prive anplwaye yo epi ou pa ka diskite sou kondisyon medikal yon anplwaye an patikilye. Divizyon Tès ak Rechèch NYC an pral eseye fè entèvyou ak tout moun yo dyagnostik ak COVID-19 pou idantifye kontak pwòch ki te kapab ekspoze. Yo pral bay lòd pou kontak pwòch sa yo teste epi izole dapre ekspozisyon yo. Si yon moun enkyete ke yo te gen kontak ak yon ka, men Divizyon Tès ak Rechèch NYC an pa te kontakte moun lan, moun lan ka pale ak pwofesyonèl swen sante li pou yo diskite sou opsyon tès COVID-19 yo oswa vizite nychealthandhospitals.org/test-and-trace/testing.

Kilè yon anplwaye ki te teste pozitif oswa ki te gen sentòm ki konsistan avèk COVID-19 yo ka retounen nan travay apre izòlman?

Baze sou enstriksyon Reyouvèti NYS la, anplwaye yo pa dwe retounen nan travay jiskaske sa fè omwen 14 jou depi sentòm yo a te kòmanse, oswa si okenn sentòm pa devlope, 14 jou apre premye tès pozitif yo.

Kisa mwen ta dwe di lè m ap voye yon travayè ki malad lakay li pou yo pa sibi anmèdman oswa diskriminasyon nan men kòlèg travay yo?

Ou pa ta dwe divilge rezon ki fè yo te voye travayè a lakay li bay lòt moun. Enfòmasyon sou sante konfidansyèl epi yo pa ta dwe divilge bay lòt anplwaye yo. Di kòlèg travay yo ke se yon vyolasyon Lwa sou Dwa Moun NYC pou anmède oswa fè diskriminasyon kont yon anplwaye akòz yon kondisyon medikal, tankou COVID-19.

Èske yon anplwaye ki te nan konje maladi oblije jwenn yon dyagnostik COVID-19 oswa tès antikò anvan l retounen travay?

Non, pa gen okenn egzijans tès pou retounen travay. Sepandan, NYC rekòmande pou tout moun New York resevwa tès dyagnostik COVID-19 ke yo gen sentòm ou non oswa si yo gen plis risk. Kounye a li pa rekòmande pou moun ki te teste pozitif anvan yo reteste, sòf si direktiv sante piblik oswa pwofesyonèl swen sante yo konseye yo fè sa.

Si yon anplwaye teste pozitif pou COVID-19, ki jan nou ta dwe netwaye espas travay imedya yo ak biznis la an jeneral?

Netwaye ak dezenfekte tout zòn yo, tankou biwo yo, twalèt yo, sal komen yo, ekipman elektwonik pataje yo tankou tablèt yo, ekran ou ka touche yo, klavye yo. Swiv [enstriksyon](#) pou netwayaj ak dezenfeksyon an.

Si yon anplwaye teste pozitif pou antikò COVID-19 yo, èske sa vle di ke yo pa ka vinn re-efekte?

Nou poko konnen si prezans antikò COVID-19 yo vle di ke yon moun gen iminite ki dire lontan. Ou pa ta dwe eskli yon moun nan travay oswa pran lòt desizyon travay ki baze sou yon rezilta tès antikò.

Rete Lakay Ou Si Ou Malad

Anpil nan anplwaye mwen yo pa ka izole lakay yo. Ki resous Vil la ofri?

Moun New York ki gen COVID-19 oswa ki ap viv avèk yon moun ki genyen l epi ki pa ka izole nan kay la ka anmezi pou rete nan yon otèl gratis. Pataje enfòmasyon sou Pwogram Otèl NYC COVID-19 la ak anplwaye ou yo ki disponib nan nyc.gov/covid19hotels.

Anplwaye mwen an itilize tout konje maladi peye yo men li genyen sentòm COVID-19 oswa yo konfime ke li gen COVID-19. Èske gouvènman an ap bay salè konje maladi?

Pou enfòmasyon sou Konje Maladi Peye, vizite nyc.gov/health epi chèche "Paid Sick Leave Commissioner's Order" (Lòd Komisyonè a pou Konje Malad Peye) ak "Paid Sick Leave FAQ" (Kesyon moun poze souvan sou Konje Maladi Peye). Ou ka vizite tou [NYC DCWP](https://nyc.gov/dcwp) pou plis enfòmasyon.

Anplwayè yo ta dwe konnen ke yo gen yon obligasyon dapre Lwa sou Dwa Moun Vil New York ak Eta New York yo, ak dapre Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo, pou yo bay akomodasyon rezonab pou anplwaye ki gen "andikap" yo (ki gen ladan kondisyon medikal). Tan konje se yon fòm aranjman rezonab. Lwa kont diskriminasyon sa yo pa egzije pou yo bay konje peye, men yo ka egzije yon anplwayè pèmèt plis tan konje ki pa peye pase sa ki dapre règleman anplwayè an (ak plis pase sa ki obligatwa dapre Lwa sou Konje Fanmi ak Medikal), si sa kapab fèt san li pa lakòz anplwayè a twòp difikilte.

Èske mwen pral asime nenpòt responsablite si biznis mwen an suiv tout egzijans yo e malgre sa anplwaye ak/oswa kliyan yo pran COVID-19?

Tcheke avèk konpayi asirans ou ak avoka ou konsènan enkyetid sou responsablite.

Aksè a Swen Sante ak Sipò Sante Mantal

Gen kèk nan anplwaye mwen yo ki gen dwa pa gen yon doktè. Ki kote mwen ka refere yo?

- Distribye anyè pwofesyonèl swen sante aktyèl pou plan asirans sante konpayi ou a pou ede anplwaye yo jwenn swen.
- Si ou se yon ti biznis e ou pa bay anplwaye yo asirans, enfòmasyon anplwaye yo ke yo ka rele **311** pou jwenn swen sante gratis oswa bon mache.
- Bay enfòmasyon sou [tès COVID-19](https://nyc.gov/covid19) gratis.
- Bay enfòmasyon sou [kisa pou w fè lè w malad](https://nyc.gov/covid19).

Anpil nan anplwaye nou yo pèdi zanmi oswa fanmi akòz COVID-19. Ki resous sante mantal ki disponib?

Asire anplwaye w la ke li nòmal pou l santi l akable, tris, angwase oswa pè, oswa pou l gen lòt sentòm boulvèsan, tankou difikilte pou l dòmi. Vizite "[App Library](https://nyc.gov/app)" (Bibliyotèk Aplikasyon yo) sou nyc.gov/nycwell pou zouti anliy yo pou ede ou jere sante ou ak byennèt emosyonèl ou. Anplwaye ka konekte ak konseye yo nan NYC Well, yon sèvis sipò sante mantal ki gratis epi konfidansyèl. Anplwaye NYC Well yo disponib 24/24, 7/7, epi yo ka bay konsèy brèf ak referans pou swen:

- Rele 888-692-9355.
- Diskite anliy nan nyc.gov/nycwell.

Lis Asistans pou Sipò Emosyonèl pandan COVID-19 (COVID-19 Emotional Support Helpline) Eta New York la disponib tou epi li gen staf pwofesyonèl volontè ki resevwa fòmasyon espesyal pou

sa a. Yo la pou yo tandè w, ba w sipò ak referans ant 8 a.m. a 10 p.m., sèt jou lasemèn nan 844-863-9314.

Konsidere fason pou espas travay ou a rekonèt anplwaye ki te mouri yo, tankou etabli yon moman silans, kreye yon paj sou entènèt pou sonje yo oswa òganize rasanbleman adistans pou pataje omaj. Sa ki apwopriye a pral depann de faktè tankou kilti nan espas travay la ak volonte fanmi an.

Distans Fizik

Èske anplwaye mwen yo ta dwe kontinye travay adistans si sa posib?

Wi. Règleman pou kontinye travay lakay (teletravay) yo ap ede NYC diminye transmisyon COVID-19 ak ede pwoteje travayè yo ki dwe ale nan sit travay la pou fè travay yo.

Anplwaye mwen yo pa ka travay lakay. Èske gen lòt fason pou redwi kantite moun ki nan espas travay la?

Wi. Orè repati pou diminye kantite travayè ki sou sit lan. Mwens gen moun sou sit la plis li fasil pou kenbe distans fizik.

Èske anplwaye mwen yo dwe pratike distans fizik nan travay? Konbyen tan pwotokòl distans fizik yo ap dire?

Wi, anplwaye yo dwe swiv distans fizik. Distans fizik enpòtan pou sispann pwopagasyon COVID-19. Menm lè yo leve lòt restriksyon, li pral enpòtan pou kontinye distans fizik, sèvi ak kachnen ak bon pratik ijyèn men. Siveye avi NYS ak NYC pou aprann sou chanjman nan egzijans distans fizik yo.

Kisa mwen ta dwe fè si, akòz nati travay yo ak espas travay fizik la, anplwaye mwen yo pa kapab distanse tèt yo fizikman de lòt moun?

Si anplwaye yo dwe 6 pye de lòt moun, yo dwe mete yon kachnen tout tan. Pou travay nan biwo ak lòt travay ki pa egzije entèraksyon dirèk fas-fas ak kliyan oswa lòt moun, konsidere pèmèt kèk oswa tout anplwaye yo teletravay. Si teletravay pa yon opsyon, kreye otan espas posib ant anplwaye yo. Orè repati pou minimize kantite anplwaye ki prezan nan nenpòt ki moman. Deplase biwo yo apa, si sa posib. Konvèti chanm reyinyon yo an espas travay. Mande anplwaye yo pou pataje ide yo. Vinn kreyatif!

Èske gen pwoteksyon oswa pwotokòl mwen ta dwe mete an plas nan zòn ki gen anpil trafik yo? Pa egzanp, konbyen moun yo ta dwe pèmèt monte nan yon asansè alafwa?

Si sa posib, rekonfigire zòn ki gen anpil trafik yo pou pèmèt anplwaye yo pratike distans fizik. Si espas ki fèmèn yo, tankou asansè yo, okipe pa plis pase yon sèl moun alafwa, kenbe kantite okipan an anba 50% kapasite maksimòm lan epi okipan yo dwe mete kachnen. Poste ansèy nan mi asansè yo ki deklare kantite a pou chak machin asansè, ki bay moun yo lòd pou rete tann pwochen asansè a si nimewo sa a atenn, epi mete kachnen. Ankouraje anplwaye yo itilize mach eskalye yo.

Jere liy ki andedan ak deyò yo. Mete tep oswa lòt makè pou montre moun ki kote pou yo kanpe pou yo ka 6 pye de moun ki sou chak bò yo. Kite ase espas pou moun pase. Afiche ansèy ki raple kliyan k ap tann yo pou respekte egzijans distans fizik.

Èske mwen ka gen reyinyon an pèsòn? Èske gen yon kantite maksimòm pou patisipan reyinyon yo?

Sèvi ak lòt metòd pou rankontre, tankou telefòn ak videyo konferans, otank posib. Kenbe reyinyon an pèsòn yo avèk yon ti kantite anplwaye, itilize pi gwo sal konferans oswa espas ouvri pou rankontre, epi kenbe distans fizik omwen 6 pye.

Ki sa "asire 6 pye sof si sekirite oswa fonksyon debaz nan travay la mande pou yon distans ki pi kout" vle di?

Sa vle di ke si anplwaye yo pa kapab kenbe yon distans 6 pye pou yon fonksyon esansyèl nan travay yo, yo dwe mete yon kachnen. Pa egzanp, si pwotokòl sekirite yo mande pou yon travayè kenbe yon nechèl pandan yon lòt anplwaye ap monte nechèl la, li pa pral posib pou kenbe 6 pye distans. Nan ka sa a, tou de dwe mete kachnen.

Ki jan pèsònèl la — tankou sa ki nan yon antrepo oswa depo — kominike avèk travayè livrezon yo oswa lòt moun ki vini nan antrepo a?

Lè y ap entèraji ak travayè livrezon yo, anplwaye yo dwe swiv tout prekosyon yo ap pran nan travay la deja — kenbe distans otan ke posib, mete kachnen si yo nan lespas 6 pye de yon lòt moun, epi lave men yo regilyèman epi evite manyen figi yo. Mete an plas lòt prekosyon tankou mande chofè yo pou rete nan machin lan epi fè anplwaye yo itilize pwòp plim yo lè y ap siyen pou pakè yo.

Mete Kachnen

Èske anplwaye mwen yo oblije mete yon kachnen nan travay la?

Anplwaye yo dwe mete yon kachnen lè yo nan travay si yo pa kapab kenbe distans omwen 6 pye ant yo menm ak lòt moun yo. Anplwaye yo ta dwe gen yon kachnen ki pare pou mete nan ka yon moun vini a distans 6 pye de yo.

Si yon anplwaye ki pa kapab tolere yon kachnen medikalman gen yon travay ki pa ka fèt pandan w ap kenbe distans fizik, Lwa sou Dwa Moun Vil la egzije pou ou gen yon dyalòg koperativ ak anplwaye a pou konnen si gen yon aranjman rezonab ke ou ta ka fè ki pa pral lakòz biznis ou twòp difikilte. Pa egzanp, ou ka kapab transfere anplwaye a nan yon pozisyon ki pa egzije pou li travay toupre lòt moun, oswa ou ka anmezi pou ofri anplwaye a opòtinite pou li teletravay. Si lòt opsyon yo pa travay, ou ka anmezi pou bay yon konje absans.

Èske mwen dwe bay anplwaye yo kachnen oswa anplwaye yo dwe gen pwòp pa yo?

Ou dwe bay anplwaye ou yo kachnen, gratis. Toujou kenbe yon rezèv apwopriye. Ou ka pèmèt anplwaye yo pote ak mete pwòp kachnen pa yo si yo ranpli estanda minimòm yo. Yo **pa** dwe itilize yon kachnen ki gen yon valv ekspirasyon kòm kachnen paske li kite lè ki ekspire ki pa filtre chape al sou lòt moun. Ti biznis yo ka anmezi pou yo jwenn kachnen gratis. Pou aprann plis, vizite nyc.gov/nycbusiness/article/free-face-coverings.

Kòman mwen ta dwe jere yon kliyan, oswa vizitè ki refize swiv règleman distans fizik ak kachnen yo?

Daprè Dekrè Egzekitif NYS 202.34, yon biznis ka mete règ ki pi sevè pou kliyan sou mete kachnen, tankou refize bay moun ki pa mete kachnen yo sèvis. Epi yo ka afiche ansèy pou edike kliyan yo sou Dekrè Egzekitif Eta New York ki egzije moun mete kachnen lè yo deyò kay yo si yo

paka kenbe distans fizik. Si yon kliyan refize swiv règleman yon biznis, ki gen ladan règleman sou kachnen ak distans fizik, ou ka mande moun lan ale.

Sepandan, si moun lan endike ke yo pa ka mete yon kachnen paske yo gen yon andikap, ou dwe pale ak moun lan pou konnen si gen yon fason pou bay yon aranjman rezonab ki pa pral lakòz biznis ou twòp difikilte. Ou ta dwe eseye bay aranjman altènatif ki posib pou biznis ou, anplwaye ou, ak lòt kliyan ou yo. Aranjman sa yo ap varye dapre kapasite chak biznis pou fè akomodasyon san yo pa kreye yon difikilte pou biznis la. Si yon sitiyasyon ijans oswa yon kondisyon rive ki ka mete lavi oswa pwopriyete pèsonèl an danje, rele **911**.

Ki sa ki konsidere kòm yon kachnen ki "akseptab"?

Tanpri gade kisa seksyon kesyon moun poze souvan yo di konsènan kachnen yo: www1.nyc.gov/assets/doh/downloads/pdf/imm/covid-19-face-covering-faq.pdf.

Si anplwaye yo mete kachnen, èske yo bezwen kenbe distans 6 pye ant tèt yo ak lòt moun?

Sèvi ak kachnen pa ta dwe pran plas distans fizik. Anplwaye yo ta dwe rete omwen 6 pye distans de lòt moun lè sa posib. Lè kenbe 6 pye distans pa posib, anplwaye yo dwe mete yon kachnen.

Èske mwen ka mande pou anplwaye yo mete yon kachnen tout tan, menm si yo kenbe distans fizik la?

Wi, an jeneral, egzijans lan se pou mete kachnen lè anplwaye yo pa ka rete omwen 6 pye distans de lòt moun. Anplwayè yo kapab tabli yon règleman pi sevè epi mande pou yo itilize kachnen yo menm si yo kenbe 6 pye distans ant moun. Sepandan, jan sa ekplike anwo a, si moun nan endike ke yo pa ka mete yon kachnen paske yo gen yon kondisyon medikal, ou dwe pale ak moun lan pou konnen si gen yon fason ou ka bay yon aranjman rezonab ki pa pral lakòz biznis ou twòp difikilte.

Ka gen diferan egzijans tou depann de endistri a. Tcheke [NY Forward](#) pou plis detay.

E si anplwaye mwen refize mete yon kachnen paske yo pa vle fè sa?

Edike tout anplwaye yo sou enpòtans pou mete yon kachnen. Si yon anplwaye refize mete yon kachnen nan moman kote Gouvènè a ak Majistra a bay lòd pou fè sa oswa règleman anplwayè an mande pou anplwaye a fè sa, epi pa gen okenn rezon medikal pou refi a, anplwayè an ka enpoze disiplin.

Èske mwen ta dwe itilize yon kachnen ki gen yon valv ekspirasyon?

Non. Yon kachnen ak yon valv ekspirasyon pèmèt lè ki ekspire ki pa filtre chape, sa ki rann kachnen an mwens efikas.

Konbyen kachnen mwen ta dwe bay pou chak travayè?

Bay anplwaye yo plizyè kachnen jetab oswa plizyè kachnen an twal pou asire yo gen yon kachnen pwòp, ki pa andomaje chak jou.

Pwotokòl Bon Ijyèn Men ak Netwayaj

Espas biwo mwen vid pou kèk tan kounye a. Èske gen preparasyon netwayaj espesyal mwen ta dwe pran anvan mendèv mwen retounen?

Anvan ou retounen nan espas travay la, fè yon netwayaj ak dezenfeksyon woutin, ak yon konsantrasyon espesyal sou sifas moun manyen souvan yo ak objè, tankou manch pòt, manch ak tiyo. Si bilding lan gen sistèm tankou sikilasyon lè oswa dlo, swiv rekòmandasyon fabrikan an pou rekòmanse sistèm lan apre yon poz pwolonje.

Espas biznis mwen te vid pou yon ti tan. Èske dlo a san danje pou anplwaye ak lòt moun bwè?

Si yon bilding te vid oswa pa te gen anpil moun, dlo nan sistèm plonbri a gen anpil chans vin kowonpi. Dlo kowonpi ka kreye risk pou okipan bilding lan. Pale ak manadjè bilding ou an sou etap yo te pran pou adrèsè risk sa yo pa ranplase dlo kowonpi a ak dlo fre ki soti nan rezèv dlo minisipal la. Yo ka jwenn direktiv detaye pou pwopriyete bilding, administratè, enjenyè, operatè ak sipèntandan yo nan "[Guidance for Returning Building Water Systems to Service After Prolonged Shutdown](#)" (Konsèy pou Retounen Mete Sistèm Dlo Bilding nan Sèvis apre Fèmti Pwolonje).

Èske mwen ta dwe bay dezenfetan pou men ki san kontak?

Wi. Mete dezenfetan pou men ki san kontak ki gen 60% alkòl nan tout zòn kote gen sifas ki pataje, ekipman ak zouti se yon bon fason pou ankouraje bon ijyèn men pou anplwaye ou yo, kliyan, vizitè yo ak kliyan yo.

Èske anplwaye mwen yo ta dwe mete gan?

Itilizasyon gan woutin pa rekòmande. [Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi](#) (CDC, Centers for Disease Control and Prevention) a eksplike ke an jeneral, gan yo apwopriye lè w ap netwaye oswa pran swen yon moun ki malad. Nan pifò lòt sitiyasyon, mete gan pa nesesè epi yo ka toujou abouti a pwopagasyon jèm. Pi bon fason pou pwoteje tèt ou se lave men ou regilyèman ak savon ak dlo pou 20 segonn oswa itilize dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl.

Konbyen fwa mwen ta dwe netwaye espas komen yo, tankou sal reyinyon yo, kwizin yo ak twalèt yo?

Netwaye ak dezenfekte regilyèman omwen chak jou, epi netwaye ak dezenfekte objè ki pataje yo (tankou zouti) pi souvan, sifas yo manyen souvan yo, ak zòn ki gen anpil aktivite yo, tankou twalèt ak sal komen yo. Egzanp sifas ak objè moun manyen souvan yo gen ladan tab reyinyon yo, akoudwa chèz yo, manch pòt yo, manch kabinè yo, manch pòt frijidè yo, tiyo yo, twalèt yo ak switch limyè yo. Gade [Enstriksyon pou Netwayaj](#).

Yo dwe dezenfekte ekipman anplwayè yo posede ak kontwòle, tankou kask ak nenpòt ekran fasyal nan fen chak peryòd travay. Netwaye ak dezenfekte andedan ekipman an, aprè sa a, deyò a, aprè sa a, lave men ou avèk savon ak dlo.

Ankouraje travayè ki posede pwòp kask ak zouti yo swiv menm pwotokòl netwayaj la, ki gen ladan l bay bon pwodwi netwayaj ak ijyèn. Pèmèt tan travay peye pou ranpli netwayaj sa yo.

Èske sistèm vantilasyon an ka transmèt COVID-19? Ki etap mwen ka pran pou pwoteje anplwaye yo ak lòt moun?

Prè aktyèl yo limite epi yo pa sijere ke lè ki ap antre nan yon sistèm vantilasyon ap transmèt viris la. Sepandan, mouvman lè fò a travès espas ki soti nan inite èkondisyone, kanal lè yo oswa

vantilatè yo (vantilatè anplwaye oswa pou chanm yo) ka deplase goutlèt pi lwen pase 6 pye. Konsidere:

- Dirije bouch ayerasyon yo ak vantilatè yo pou yo sikile lè anlè soti nan sous lan
- Mete anplwaye ak kliyan yo nan yon pozisyon pou ke yo pa dirèkteman devan sikilasyon lè a
- Nan sal kote van sikile anpil, egziye anplwaye yo mete kachnen menm lè yo nan distans 6 pye oswa plis youn ak lòt moun.

Epitou, pran etap sa yo pou amelyore vantilasyon, jan sa apwopriye pou espas ou:

- Ogmante pousantaj lè deyò a osi wo ke 100% (premèman verifye konpatibilite ak kapasite sistèm chofaj, vantilasyon, ak èkondisyone a pou tanperati ansanm ak kontwòl imidite osi byen ke konpatibilite ak konsiderasyon kalite lè deyò/ andedan kay)
- Ogmante alimantasyon total vantilasyon nan espas okipe yo, si sa posib.
- Dezaktive kòmman vantilasyon sou demann yo (demand-control ventilation, DCV) ki diminye alimantasyon lè a an fonksyon tanperati a oswa kantite moun ki nan sal la.
- Konsidere sèvi avèk vantilasyon natirèl (pa egzanp, louvri fenèt si sa posib epi pa gen danje pou fè sa) pou ogmante dilisyon lè deyò nan lè andedan kay la lè kondisyon anviwònman an ak kondisyon bilding lan pèmèt sa.
- Amelyore filtraj lè santral la osi wo posib (MERV 13 oswa 14) san w pa diminye siyifikativman konsepsyon vantilasyon
 - Enspekte bwat ak griy filtè yo pou asire ke filt yo byen ajiste epi tcheke fason pou minimize derivasyon filtè yo
- Konsidere kite sistèm vantilasyon an ap mache menm lè pa gen moun nan espas yo pou maksimize dilisyon vantilasyon.
- Asire vantilatè echapman nan enstalasyon twalèt yo fonksyone epi opere nan tout kapasite lè espas travay la okipe.

Ki jan nou ta dwe jere pake nou resevwa pa lapòs yo?

Pratike bon ijyèn men lè w ap jere kourye lapòs yo, ki gen ladan pake yo.

Kominikasyon ak Fòmasyon

Ki kote mwen ka jwenn ansèy pou raple anplwaye mwen yo sou pwotokòl sekirite COVID-19 yo?

Depatman Sante Vil New York gen ansèy gratis ki disponib nan plizyè lang. Rele **311** oswa telechaje nan www1.nyc.gov/site/doh/covid/covid-19-posters-and-flyers.page:

- Anpeche Pwopagasyon an
- Distans Fizik
- Lave men ou
- Kouvri tous ou

Kòman pou mwen fè fòmasyon anplwaye mwen yo sou pwotokòl sekirite COVID-19 yo?

- Siveye kòman anplwaye ou yo ap aplike pwotokòl sekirite COVID-19 yo.
- Afiche plan sekirite ou nan yon plas kote anplwaye yo kapab revize li. Distribye plan an bay anplwaye ou yo pou yo konnen a kisa pou yo atann.
- Repete fòmasyon ak edikasyon jan sa nesèsè. Mete an plase yon mekanis pou anplwaye yo poze kesyon ak pale sou enkyetid yo.

- Asire ou fòm nouvo anplwaye, estajyè, volontè, travayè tanporè ak kontraktè. Sèvi ak plizyè mwayen kominikasyon: imèl, afich sou tablo afichaj, anons.
- Kominike nan lang anplwaye yo konprann.

Èske gen yon estanda vizibilite oswa gwosè pou ansèy yo sijere nan direktiv la?

Pa gen okenn egzijans konsènan gwosè ansèy yo. Afiche sign ki fasil pou travayè ak kliyan yo wè ak li. Ansèy yo la pou fè moun yo sonje pratik COVID-19 yo pou diminye e fè li fasil pou yo konprann egzijans yo ak meyè pratik yo.

Transpò, Vwayaj, ak Vizitè yo

Èske anplwaye mwen yo ka pran transpò piblik pou yo ale travay?

Pèmèt anplwaye yo teletravay si travay la pèmèt sa. Ankouraje anplwaye yo mache oswa monte bisiklèt pou ale travay. Kreye orè repati pou sipòte anplwaye ki pran tren oswa bis pou yo ka evite foul moun. Etabli règleman sou reta ki fleksib pou anplwaye yo ka kite yon tren ki gen anpil moun ale, pandan w ap raple anplwaye yo tou pou pèmèt plis tan pou fè ale vini.

Èske anplwaye mwen yo ka vwayaje pou biznis?

Ankouraje itilizasyon videokonferans oswa telekonferans lè sa posib pou reyinyon ak rasanbleman ki ta nòmalman mande pou vwayaje. Anvizaje anile, ajiste oswa ranvwaye reyinyon oswa rasanbleman ki gen rapò ak travay ki ka fèt sèlman an pèsòn.

Kilè lekòl ak sant gadri yo pral reyouvri? Kijan yo pral bay swen pou timoun yo si lekòl yo toujou fèmen fizikman men biznis yo reyouvri?

Vil New York ap travay di pou planifye pou pwochen etap repons COVID-19 lan men li poko gen yon dat pou reyouvri lekòl ak gadri.

Èske enspektè Vil yo ap vizite biznis yo pou konfime konfòmite?

Wi. Vil New York pral edike biznis sou fason pou konfòme yo avèk egzijans reyouvèti yo. Enspektè yo ka vizite biznis yo pou ankouraje konfòmite.

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.

7.2.2020